



Refleksyon sou 2024, Preparasyon 2025

Chè fanmi ak kòlèg,

Pandan dènye semèn ki sot pase yo, mwen te gen privilèj pou m fè yon [sesyon chita tande](#) nan chak senk boroughs nou yo epi tande dirèkteman plis pase 1,000 elèv, estaf, fanmi ak manm kominote a. Patisipan yo te pataje lide enkwayab ak opinyon ki gen rapò avèk twa angajman mwen yo: amelyore sekirite, sipòte edikatè, ak bay fanmi plis kapasite. Vizit la a te reyafime pou mwen solisyon n ap chèche yo ki deja egziste nan kominote nou yo—nou jis bezwen tande.

Se poutèt sa mwen fyè pou m pataje ke semèn pase a, nou te anonse [Divizyon pou ranfòsman fanmi, kominote ak elèv](#), ki pral kontinye travay sa a anba lidèchip nouvo Chanselye adjwen nou an, Dr. Cristina Meléndez. Divizyon sa a pral ini plizyè ekip k ap foki pou ranfòsman manm kominote Lekòl Leta Vil Nouyòk nou an, soti nan Biwo Pwogram Byennèt Elèv rive nan Biwo pou aksè nan sèvis lang (Office of Language Access).

Pandan n ap fini sesyon chita tande nou yo ak ane 2024 la, mwen fyè de travay nou akonpli, tankou elaji [NYC Reads](#) nan tout vil la pou timoun ki pi jèn nou yo. Apre sa, mwen kontan anpil pou travay ki gen pou fèt yo. An 2025, nou pral pataje mizajou ak anons ki gen rapò avèk twa angajman mwen yo, ansanm avèk priyorite pou kontinye [NYC Reads](#), [NYC Solves](#), ak [Student Pathways](#) nou yo. Ou ka

atann tou pou w wè chanjman ki fèt nan bilten nouvèl sa a, grasa èd kòmantè sondaj nou te bay byen bonè otòn sa a.

Pou mwen fini, m ap swete tout moun yon bòn fèt Desanm, ki ranpli avèk lajwa ak repo. Mwen konnen tou epòk sa a nan ane a kapab difisil pou anpil moun—kidonk mwen vle mete aksan sou kèlkeswa sa sezon sa a vle di pou ou, kèlkeswa emosyon li pote, tanpri konnen ou gen yon kominote ak sistèm sipò la a nan Lekòl Leta Vil Nouyòk.

Mèsi pou tout sa ou te fè pou elèv nou yo an 2024—jan ou pou swen yo, sipòte yo, ak gide yo—epi mwen espere kontinye edike ak ankouraje timoun nou yo nan nouvo ane a.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou paj [YouTube](#) nou an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” ("soutit/CC"). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).